# Qoraqalpog'iston kasaba uyushmalari tashkilotlari birlashmasi Kengashi

| | | |
|---|---|---|
| Image not found or type unknown<br>**Jalmenov Uliqbek Abilaevich** | Qoraqalpog'iston kasaba uyushmalari tashkilotlari birlashmasi Kengashi raisi | |
| | Manzil: | 230103, Nukus shahri, Amir Temur ko'chas<br>120 uy |
| | Telefon:<br>Ishonch Telefon: | 0(361) 222-97-16<br>0(361) 222-68-63 |
| | E-mail: | kkresprof@exat.uz |
| | Qabul kunlari: | Chorshanba, Juma 11:00-16:00 |

| | | |
|---|---|---|
| Image not found or type unknown<br>**Daniyarov Muratbay Quanishbaevich** | Qoraqalpog'iston kasaba uyushmalari tashkilotlari birlashmasi Kengashi raisi o'rinbos | |
| | Manzil: | 230103, Nukus shahri, Amir Temur ko'chas<br>120 uy |
| | Telefon:<br>Ishonch Telefon: | 0(361) 222-97-16<br>0(361) 222-68-63 |

| | |
|---|---|
| E-mail: | kkresprof@exat.uz |
| Qabul kunlari: | Sechanba, Chorshanba, juma 10:00-15:00 |

**Qoraqalpoǵiston kasaba uyushmalari tashkilotlari birlashmasi Kengashining Funkcional vazifalari:**

Qaraqalpaqstan Respublikası kásiplik awqam shólkemleri birlespesi keńesi baslıǵı tómendegi wazıypalardı orınlaydı:

-birlespe konferenciyası, Keńesi, Prezidiumı hám joqarǵı shólkemler qararlarınıń orınlanıwın shólkemlestiredi, usı maqsette tómengi shólkemlerdiń jumıs háreketin muwapıqlastıradı;

-birlespe Keńesi, Prezidiumı, apparat májlislerin alıp baradı, usı májilisler qararlarına qol qoyadı;

-birlespe jumısına basshılıq etedi, birlespe atınan isenim xatısız jumıs alıp baradı;

-saylanatuǵın, tastıyıqlanatuǵın basshı kadrlardı úyreniw, tańlaw, tayarlaw, ornı-ornına qoyıw hám olardıń jumısları boyınsha usınıslar tayarlaw máselesinde basshılıq etedi;

-birlespe keńesi apparatı lawazımlarına kadrlardı tańlaydı hám lawazımǵa tastıyıqlaydı, tarawlıq kásiplik awqamları Respublikalıq Keńesleriniń juwaplı shólkemlestiriwshileri, qalalıq, rayonlıq keńes baslıqlıǵına kandidaturalardı sáwbetten ótkeredi;

-baslıq lawazımlarǵa kadrlar rezervin qáliplestiredi, olardı basqıshpa-basqısh lawazımǵa tayarlaw jumısların qadaǵalaydı;

-vakant orınlarǵa kadrlardı tańlawǵa basshılıq etedi;

-qarjı hújjetlerine qol qoyadı ;

-shólkemlestiriw jumısları, yuridikalıq, qarjı bólimleri isler basqarması jumıslarına basshılıq etedi;

-tarawlıq kásiplik awqamları Respublikalıq Keńesleriniń juwaplı shólkemlestiriwshileriniń

jumısların shólkemlestiriwge basshılıq etedi;

-kásiplik awqamları rayonlıq, qalalıq keńesleri, baslanǵısh shólkemlerinde kadrlardı tańlaw, orın-orınına qoyıwda kadrlar siyasatın alıp baradı;

-Qaraqalpaqstan Respublikası kásiplik awqam shólkemlerinde kadrlar menen islew sistemasın rawajlandırıwǵa basshılıq etedi;

-Qaraqalpaqstan Respublikası kásiplik awqam shólkemleri birlespesine qaraslı balalar dem alıs oraylarınıń jumısların shólkemlestiriw, metodikalıq járdem beriw, materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew boyınsha alıp barılatuǵın jumıslardı qadaǵalaydı;

-birlespeniń basshısı boladı hám sonıń menen bir waqıtta Qaraqalpaqstan Respublikası kásiplik awqamları shólkemleri birlespesi Keńesi, Prezidiumı aǵzası hám Keńes baslıǵı bolıp esaplanadı hám bes jıl múddetke saylanadı;

-birlespeniń saylanba organları jumısına basshılıq etedi;

-birlespe Keńesi Prezidiumı belgilegen pul qarjıların basqaradı;

-birlespe keńesi apparatı xızmetkerleri menen miynet shártnamasın dúzedi (biykar etedi), xızmetkerlerdiń xızmet wazıypaların tastıyıqlaydı;

-birlespe keńesi jumısı menen baylanıslı biylikler shıǵaradı;

-kásiplik awqamı hám sociallıq qamsızlandırıw byudjeti qarjıları boyınsha kredit basqarıwshısı bolıp esaplanadı hám olardıń maqsetli sarıplanıwı ushın jeke juwapker bolıp tabıladı.

Birlespe baslıǵı tómendegi máseleler boyınsha birlespe keńesi apparatı, aǵza shólkemlerdiń jumısların shólkemlestiredi, belgilengen wazıypalardıń tez pát penen sheshiliwin támiyinleydi hám nátiyjesi ushın jeke juwap beredi:

-respublikada ámelge asırılıp atırǵan ulıwma mámleketlik máplerge baylanıslı jumıslarda, islep shıǵarıw hám sociallıq infrastrukturanı rawajlandırıwda qatnasadı;

-miynetkeshler hám olardıń shańaraq aǵzaların sawallandırıw boyınsha jumıslardı alıp barıw hám de usı maqsette Ózbekistan kásiplik awqamları Federaciyası keńesine kásiplik awqamı aǵzalıq tólemleri qarjılarınıń tolıq hám óz waqtında ótkiziliwin támiyinlewdi qadaǵalaydı;

-aymaqta sociallıq-ekonomikalıq baǵdarlamalardı rawajlandırıw hám ámelge asırıwda

kásiplik awqamlarınıń qatnasıwın támiyinlewge qaratılǵan is-ilájlardı ámelge asırıwǵa basshılıq etedi;

-birlespeniń saylanba organları oǵan wákillik bergen basqa wazıypalardı orınlaydı.

Birlespe Keńesi apparatına ulıwma basshılıq, shólkemlestiriw jumısları, yuridikalıq, qarjı bólimleri hám isler basqarması, kadrlar, kásiplik awqamları birlespesi keńesi qarjısın hám múlkin basqarıw máseleleri, den-sawlıqtı saqlaw, tutınıw tovarların islep shıǵarıw, sawda hám xızmet kórsetiw shólkemleri ústinen kuratorlıq etedi. Mámleketlik baǵdarlamalar hám Respublikalıq komissiyalar jumıslarına qatnasıw. Mámleketlik emes, jámiyetlik shólkemler menen baylanıstı támiyinleydi.

Qaraqalpaqstan Respublikası kásiplik awqam shólkemleri birlespesi keńesi baslıǵı orınbasarı tómendegi wazıypalardı orınlaydı:

-Birlespe apparatı bólimleriniń jumısların shólkemlestiriw,

jobalastırıw, olar arasında xızmet múnásibetleri hám de miynet tártibin qatań jolǵa qoyıw;

-tarawlıq kásiplik awqamları Respublikalıq Keńesleri boyınsha juwaplı shólkemlestiriwshileri, rayonlık, qalalıq keńesleri strukturalarınıń jumısların muwapıqlastırıw, sistemada Ustav tártip-qaǵıydalarına ámel etiliwin támiyinlew, basshı hám atqarıwshı organlar tárepinen qabıl etilgen qararlardıń orınlanıwın shólkemlestiriw hám qadaǵalaw;

-birlespe atınan túrli kárxana, mekeme hám shólkemlerge múrájáát etiw, óz-ara baylanıslardı shólkemlestiriw, birlespe atınan óz wákilligi sheńberinde is kóriw;

-birlespede tártip-intizamdı qadaǵalaw, joqarı shólkemlerden keletuǵın tapsırmalardıń óz waqtında orınlanıwın támiyinlew;

-birlespe keńesiniń is jobalarınıń islep shıǵılıwın shólkemlestiriw;

-birlespe tárepinen ótkeriletuǵın konferenciya, keńes, Prezidium májilislerin shólkemlestiriw hám qadaǵalaw;

-birlespe keńesi aǵzaları hám kásiplik awqam belsendilerinen waqtınshalıq komissiyalar, isshi toparların dúzip, olardıń jumısların muwapıqlastırıw;

-kásiplik awqamları jumısı boyınsha kórsetpeler, usınıslar hám metodikalıq qollanbalardı

baspadan shıǵarıw boyınsha usınıslar tayarlanıwın qadaǵalawdı ámelge asıradı.

Birlespe baslıǵınıń orınbasarı birlespe keńesi miynetkeshlerdiń social-ekonomikalıq máplerin qorǵaw, miynetti qorǵaw, mádeniyat hám sport jumısları, sociallıq qamsızlandırıw bólimleri jumısların muwapıqlastıradı;

-miynet, jumıs penen bántlik, turmıs, sawalandırıw, mádeniyat hám sport, son day-aq basqa máseleler boyınsha tiyisli mákemelerge usınıslar kirgizedi;

-joqarı hám orta arnawlı oqıw orınları pitkeriwshilerin jumısqa ornalastırıw boyınsha kásiplik awqamları shólkemleri jumısların muwapıqlastırıw;

-“Ustaz-shákirt” baǵdarlamaları tiykarında kolledj oqıwshı jaslarınıń ámeliyat ótewleri ushın sharayatlar jaratıwǵa basshılıq etedi;

-jańa jumıs orınların jaratıw, kasanashı tiykarında xalıqtıń bántligin támiyinlewde kásiplik awqamları jumısların muwapıqlastıradı;

-zárúr jaǵdaylarda qánigelerdi kásipke tayarlaw hám qayta tayarlawdı jumıs beriwshiler yaǵnıy tiyisli mákemeler basshılıǵınan talap etedi;

-xalıqtıń túrli toparları hám qatlamlarınıń turmıs dárejesin úyreniw, xalıq dáramatı, xalıq tutınıw tovarları hám xızmetler bahasınıń ósiw indeksi qatnasın tártipke salıw boyınsha usınıslar tayarlawda qatnasadı;

-aymaqta ámelge asırılıp atırǵan ulıwma mámleketlik máplerge baylanıslı jumıslarda, islep shıǵarıw hám sociallıq infrastrukturanı rawajlandırıwda qatnasadı;

-belgilengen tártipte jámáátlik kelisimlerdiń joybarların ekspertizadan ótkeredi;

-aǵza shólkemlerge jámáátlik shártnamalardıń joybarların ekspertizadan ótkeriwde ámeliy járdem kórsetedi;

-kásiplik awqamları shólkemlerine metodikalıq, shólkemlestiriw, konsultativ, huquqıy járdem kórsetiw, kásiplik awqam xızmetkerleri hám belsendilerin oqıtıw boyınsha jumıslardı alıp baradı ;

-ulıwma maqsetler jolında tarawlıq kásiplik awqamları respublikalıq keńesleri menen birge islesedi;

-Respublika hám jergilikli ǵalaba xabar quralları arqalı keń jámáátshilikke kásiplik awqam jumısların sáwlelendirip barıwǵa basshılıq etedi;

-Ózbekistan kásiplik awqamları Federaciyası keńesi tárepinen talap etilip atırǵan maǵlıwmatlar hám esabatlardıń waqtında orınlanıwın hám beriliwin qadaǵalaydı;

-birlespe Keńesi aǵzaları hám kásiplik awqam belsendilerinen waqıtshalıq komissiyalar, isshi toparlar dúziw boyınsha usınıslar kirgizedi;

-birlespe Keńesiniń májlisler aralıǵındaǵı jumısı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastıradı;

-sociallıq sherikshilikti shólkemlestiriw boyınsha mámleketlik hám jámiyetlik shólkemleri menen birge islesiw máselelerine basshılıq etedi;

-birlespeniń saylanba organları oǵan huqıqın bergen basqa wazıypalardı orınlaydı.

Birlespe Keńesi apparatında miynetkeshlerdiń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵaw, miynetti qorǵaw, mádeniy-aǵartıwshılıq hám sport jumısları hám sociallıq-qamsızlandırıw bólimleri, agrosanaat kompleksi, bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat, mámleketlik mekemeler hám jámiyetlik xızmet kórsetiw shólkemleri ústinen kuratorlıq etedi. Ishki miynet tártibin támiyinlew, jazǵı balalardı sawalandırıw jumıslarında qadaǵalaw alıp baradı.

Birlespe Keńesi baslıǵı bolmaǵan waqıtlarda onıń wazıypaların orınlaydı.